बाढ़

पूरबी जिलन में बाढ़ि क हालति जस क तस बाटे। गोरखपुर मण्डल के सज्जो जिलन में बाढ़ि क परकोप बा। बस्ती आ सिद्धार्थनगर जिलनों में हालति गम्भीर बाटे। बाढ़ि से सबसे बेसी परभावित महराजगंज अउर सिद्धार्थनगर जिलन में बचाव आ राहति क कार तेज कइ दिहल गइलि हौ। महराजगंज में चन्दन, प्यास, महाव अउर गण्डक नदियन क पानी स्थिरि बाटे बाकिर रोहिन नदी उफान पर हवे। जिला में राप्ती के बढ़ल जल स्तर के नाते सगरो बन्हा पर दबाव बनल बाटे। जिला मुख्यालय से नौतनवां, फरेंदा आ ठूठीबारी क सम्पर्क टूटि गइलि हवे। पछिला कइ दिन से रूकि–रूकि के पानी बरसले के नाते बान्हे पर सरण लेवे वाले पीड़ित लोगिन के बहुते दिक्कति क सामना करे के पड़त बा। सिद्धार्थनगर जिला के षोहरतगढ़, नौगढ़, डुमरियागंज, इटवा अउर बांसी तहसीलि के डेढ़ सौ से बेसी गांव बाढ़ि से परभावित बाटें। ककरही में बूढ़ी राप्ती खतरा के चिन्हा से अढ़ाई मीटर ऊप्पर बाटे। ओइजा कूडा, घोघी आ राप्तियो खतरा के चिन्हा से ऊप्पर बहति हइनि। जिला मुख्यालय से कइ जगहिनि क सम्पर्क टूटि गइलि हवे। गोरखपुर जिला में राप्ती आ रोहिन नदी में आइलि बाढ़ि के नाते कइ गो गांव परभावित हो गइल हवें। रोहिन क जल स्तर खतरा के निसान से एक मीटर से बेसी ऊप्पर बाटे। गोरखपुर–सोनौली राश्ट्रीय राजमार्ग पर पानी आ गइले के नाते यातायात परभावित हो गइलि बा।

♦♦♦♦♦♦♦♦♦

मुख्यमंत्री/ऋण माफी

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, आजु लखनऊ में प्रदेस सरकार के ऋण माफी योजना के जरिए साढ़े सात हजार किसानन के सरटीफीकेट दीहलें। भारतीय जनता पारटी अपने चुनाव घोसणा पत्र में किसानन के करजा माफी क वादा कइले रहे। येह मौका पर योगी आदित्यनाथ कहलें कि किसानन क करजा माफ कइ के सरकार कउनो उपकार नइखें करति, बलुक ई उनकर अधिकार हवे। सरकार किसानन के माली हालति के सुधारे अउर उनके हित क रक्षा करे बदे कमरि कसले हवे। ऊहां के कहलीं कि बरिस दुइ हजार बाईस ले किसानन के आमदनी के दोगुना करे क हर कोसिस कइलि जायी। मुख्यमंत्री बतवलें कि बैंकन के किसानन के करजा क भुगतान कइल जा रहल बाटे। बैंकन से कहल गइल हवे कि येह बारे में किसानन के कउनो तरह क नोटिस न भेंजे।

♦♦♦♦♦♦♦♦♦

मन की बात

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अगिला सत्ताईस अगस्त के आकाषवाणी कार्यक्रम मन की बात के जरिए देस–विदेस के लोगिन से आपन विचार साझा करिहें। येह कार्यक्रम क, ई पैंतीसवीं कड़ी होई। अपने एगो ट्वीट में प्रधानमंत्री लोगिन से नरेन्द्र मोदी ऐप पर आपन बिचार आ सुझाव साझा करे क कहले हवें। लोगि माई जी ओ वी ओपन फोरमो पर आपन विचार रखि सके लें। लोगि हिन्दी चाहे अंग्रेजी में आपन सनेसा रेकार्ड करावे खातिर टोल फ्री नम्बर– एक आठ सुन्न सुन्न–एक एक–सात आठ सुन्न सुन्न डॉयल कइ सके लें। लोगि एक नौ दुइ दुइ नम्बर पर मिस्ड कॉल दे सके लें अउर प्रधानमंत्री के सुझाव देवे खातिर एस.एम.एस. के जरिए मिलल लिंक के फॉलो कइ सके लें। उत्तम बिचार आ सुझाव के प्रधानमंत्री अपने सम्बोधन में सामिल करिहें।

♦♦♦♦♦♦♦♦♦

स्वच्छता अभियान

वेक्टर जनित अउर गंदगी के नाते होखे वाली बेमारियन से बचाव, रोकथाम आ ओह पर काबू पावे बदे राज्य के सज्जो जिलन में आजु से विसेस सफाई अभियान सुरू कइल गइल हौ। ई अभियान पच्चीस अगस्त ले चली। एक्यूट इन्सेफेलाइटिस सिन्ड्रोम अउर जापानी इन्सेफेलाइटिस से परभावित तेरह जिलन में ई अभियान तीस अगस्त ले जारी रही। प्रदेस क मुख्य सचिव राजीव कुमार सज्जो जिलाधिकारियन के यह बारे में जरूरी दिसा निरदेस जारी कइले हवें। अभियान के परभावी तरीका से चलावे बदे न्याय पंचायत स्तर पर एगो जिम्मेवार अधिकारी के नोडल अधिकारी बना के रोस्टर तइयार करे क कहल गइल हवे। मुख्य सचिव की ओरि से जारी परिपत्र में कहल गइल हौ कि अभियान के दौरान सज्जो जिलन में विस्तृत कार्य योजना बनावल जाय। ग्राम पंचायतन में तैनात सफाईकरमियन क दुइ से पांच दिन क रोस्टर बना के बन्न नाली, गन्दी गल्ली अउर हैण्डपम्पन के लग्गे के जगहिनि के साफ–सफाई बदे जबाबदेही तय कइल जाय। मुख्य सचिव सज्जो ग्राम पंचायतन में स्वास्थ्य, स्वच्छता अउर पोसण समिति क विसेस बइठकी आयोजित करहू क निरदेस दिहले हवें।

♦♦♦♦♦♦♦♦♦

अन्त्योदय मेला

पण्डित दीनदयाल उपाध्याय के जन्म सताब्दी वर्श के मौका पर प्रदेस के अलगि–अलगि जिलन में बलाक स्तर पर अन्त्योदय मेला आ परदरसनी के आयोजन क सिलसिला जारी बाटे। मऊ जिला के फतहपुर मण्डांव बलाक मुख्यालय पर आजु से तीनि दिन क मेला आ परदरसनी क आयोजन सुरू भइल। मेला में लोगिन के केन्द्र अउर प्रदेस सरकार के कइ तरह के जन कल्याणकारी योजना के बारे में जनकारी दिहले के अलावे मुफ्त इलाज, पिनिसिनि अउर सौचालय बदे पंजीकरणों करावल जा रहल बाटे। ओहर हमीरपुर जिला के सरीला बलाक मुख्यालयो पर आजु से तीनि दिन क अन्त्योदय मेला आ परदरसनी सुरू भइलि।